

**LIS VERIFIKASYON DOKIMAN KI NESESÈ POU ENSKRIPSYON
ELÈV KINDÈGADENN RIVE DOUZYÈM ANNE
(CHECKLIST FOR ENROLLMENT OF STUDENTS K-12)
(School Board Policy 5.1 Amended 1.15.13)**

PRÈV KOTE OU RETE (Domisil)

Kolòn A - Wap bezwen pote yon sèl dokiman aktyèl sou non paran/gadyen legal kap enskri (anrejistre) timoun-nan, kòm prèv kote ou rete:

- _____ Bòdwò (bil) aktyèl telefòn oswa limyè sou non manman oswa papa kap enskri timoun-nan
- _____ Relvedkont ipotèk (mortgage statement)
- _____ Kontra lwaye notarye- liz (lease agreement) avèk non, adrès epi nimewo telefòn pwopriyete kay-la
- _____ Lèt angajman ipotekè (Mortgage commitment)
- _____ Kontra acha kay-ou ak dat ekzak ou siyen kontra-a, prezante kopi papye kay-ou (deed) nan 60 jou dat klozing-la
- _____ Kat egzansyon taks pwopriyete (Homestead exemption card)

AK

Kolòn B - Wap bezwen pote yon sèl dokiman aktyèl sou non paran/gadyen legal kap enskri timoun-nan, kòm prèv kote ou rete:

- _____ Asirans oto
- _____ Lisans chofè Leta Florid ou gen kounye-a /Kat idantifikasyon Leta Florid
- _____ Bil (bòdwò) telefòn selilè
- _____ Relvedkont kat kredi (credit card statement)
- _____ Relvedkont an bank (Bank account statement)
- _____ Lapòs Etazini (United States Postal Service) voye ba-ou yon konfimasyon chanjman adrès apre li resevwa demann-ou oswa evidans Lapòs Etazini delivre korespondans-ou
- _____ Fòm Deklarasyon Domisil (Declaration of Domicile) Depatman County Records ba-ou

Si yon fanmi rete nan yon domisil pwovizwa epi nan moman enskripsyon, li pa kapab prezante papye ekzijib, jan sa esplike pi wo-a, yap pèmèt elèv-la enskri nan lekòl-la pou 30 jou avèk dokiman-sa-yo:

- _____ Yon deklarasyon Domisil Pwovizwa (*Provisionary Domicile*) notarye, paran/gadyen legal ak pwopriyete kay-la oubyen lokatè kote fanmi-an rete, dwe siyen.
- _____ Nan kolòn A anwo-a, wap prezante yon pyès, kòm prèv domisil, sou non pwopriyete kay oswa lokatè kote fanmi-an rete, kap siyen Deklarasyon Domisil Pwovizwa (*Statement of Provisionary Domicile*).

Fanmi dwe founi nan 30 jou prèv domisil pèmanan aseptab

Lè fanmi-an/gadyen legal rete an pèmanans ak yon lòt moun ki rete nan zòn lekòl-la, fanmi-an/gadyen legal dwe soumèt yon sèl dokiman, gade nan chak kolòn ki site anwo-a:

- _____ Nan lis papye kolòn A anwo-a, wap prezante yon pyès, sou non pwopriyete kay-la oswa lokatè, kòm prèv domisil.
- _____ Nan lis papye kolòn B anwo-a, wap prezante yon dokiman aktyèl sou non paran/gadyen legal kap enskri timoun-nan

PRAN NÒT: Si apre verifikasyon, yo jwenn fanmi elèv-la te depoze fo ransèyman nan efò pou enskri elèv-la nan yon lekòl yo pa deziyen pou li ale, lekòl-la ap retire elèv-la touswit epi voye-li al anwole nan lekòl zòn lakay-li.

PRÈV (EVIDANS) LAJ

_____ Orijinal ak denesans (batistè)

Si nou pa kapab prezante ak denesans elèv-la, papye-sa-yo aseptab kòm prèv:

_____ Yon kopi sètifye sètifika dokiman relijye ki montre dat elèv-la fèt; yon afidavi ki se deklarasyon alekri sou sèman manman/papa elèv-la fè, dwe akonpaye dokiman-an

_____ Polis asirans sou vi timoun-nan ki an vigè depi dezan omwens

_____ Yon paspò oswa yon sètifika ki anrejistre dat timoun-nan rantre nan peyi Etazini (*certificate of arrival*) epi ki montre laj timoun-nan

_____ Dosye eskolè ofisyèl ki montre timoun-nan te ale lekòl pandan katran

_____ Yon afidavi dwe akonpaye sètifika avèk deklarasyon ofisyèl Depatman sante konte-a, ki di li kwè timoun-nan gen laj pou lal lekòl

PRÈV EGZAMEN MEDIKAL

_____ Elèv, kap fè klas Kindègadenn rive douzyèm ane (grades K-12) kap antre pou lapremye fwa nan lekòl Leta Florid, dwe prezante prèv egzamen medikal yon doktè fè omwens douz mwa anvan premye enskripsyon-an oswa jou yo te mennen elèv-la nan lekòl-la pou ranpli fòm nesèsè avèk lentansyon pou li vin yon elèv lekòl piblik Brawad Kaounti

_____ Fanmi dwe fè lekòl-la konnen alekri pwoblèm sante/medikal pitit-yo. Estaf lekòl-la ta dwe okouran pwoblèm-sa-yo ki kapab ekzije atansyon ak/oswa sipèvizyon pitit-ou.

_____ Fòm otorizasyon pou tretman medikal (medical Treatment Form), lè sa nesèsè

PRÈV ELÈV-LA PRAN VAKSEN

_____ Sètifika vaksen Leta Florid sou fòm DH 680 - *Florida Certificate of Immunization (Form HD680)*

_____ Elèv-la gen yon sètifika pèmanan ki egzante-li (si yo dekonseye li pran yon vaksen oswa tout)

_____ Elèv-la gen yon sètifika relijye ki egzante-li (Form681), yon egzansyon tanporè (Form DH680 Part B) oswa yon egzansyon medikal (Form DH680, Part C)

PRÈV GAD LEGAL TIMOUN/GADYEN LEGAL (custody/guardianship)

Si elèv-la rete ak yon moun ki pa manman l oswa papa l oubyen gadyen legal-li, dispozisyon-sa-yo aplikab:

_____ Si fanmi/gadyen legal rete nan limit twa kaounti (Miami Dade, Broward oswa Palm Beach), moun kap enskri (anrejistre) timoun-nan dwe bay tout dokimantasyon anrapò ak *custody* timoun-nan, ajans Leta tankou *Department of Children and Families* oswa Tribinal apwouve. Nan ka sitiyasyon ekonomik difisil, lekòl-la va li-menm detèminen, yon lèt notarye, ki deziyen kilès ki responsab okipe timoun-nan, sifi. Lèt-la dwe siyen.

_____ Si paran-an/gadyen legal rete andeyò twa kaounti-yo (andeyò peyi Etazini ladann tou), soumèt deklarasyon notarye paran/gadyen legal siyen, epi ki idantifye moun ki asime responsablite okipe timoun-nan

_____ Si paran-an/gadyen legal rete nan limit twa kaounti (konte)-sa-yo epi elèv-la rete nan yon rezidans depatman *Department of Children and Families* apwouve, kidonk elèv-la kapab anwole nan lekòl ki sèvi rezidans apwouve.

ENFÒMASYON NAN KA IJANS (EMÈJENSI)

_____ Kat enfòmasyon elèv pou lè gen ijans ak moun ki kontak (PRAN NÒT: Se sèl fanmi/gadyen legal kap siyen fòmilè enskripsyon pou elèv ki kapab chanje ransèyman sou fòmilè enskripsyon ak kat enfòmasyon elèv).

DOSYE ESKOLÈ (Si ou genyen-yo)

_____ Dènye kanè eskolè avèk/oswa relvednòt (transcript) kapab nesèsè pou yo konnen nan ki klas pitit-ou prale (plasman nan klas apwopriye).

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte biwo enskripsyon (*registrar's office*) nan zòn lekòl-ou.